

# CHANJMAN NAN PWOGRAM KOUPON POU ACHE MANJE-A PEMET PLIS IMIGRAN LEGAL VIN ELIJIB POU BENEFIS

## Mwen pa sitwayen Ameriken. Eske mwen ka jwenn kupon pou achte manje?

- **Koulye a**, ou ka elijib si w se yon rezidan pèmanan legal epi si ou menm, konjwen-w, oswa paran ou yo, gen dosye travay nan Etazini (biwo kupon pou achte manje a va ede w detèminen si w te travay pandan kantite tan yo ekzije a). Moun ki te vin nan Etazini kòm refijye ak lòt kalite imigran elijib tou. Ou ka elijib tou si w te abite legalman nan Etazini le 22 out 1996, **epi** (1) si w te gen 65 an lè sa (si w te fèt le 22 out 1931 oswa anvan dat sa a), **oswa** (2) si wap resevwa peman poutèt ou pa ka travay, **oswa** (3) si w poko gen 18 an koulye a. Ou ka kalifye tou, si ou gen 5 an depi ou nan Etazini epi ou gen yon estati ki fè ou kalifye.

## Ki chanjman ki te fèt?

- Le 13 me 2002, Prezidan Bush te siyen yon lwa – Se lalwa 2002 sou Sekirite nan Jaden ak Envestisman Riral (“Farm Security and Rural Investment Act of 2002”) ki pèmèt moun ki pa sitwayen ak imigran legal ki fè ti salè piti jwenn kupon pou achte manje si yo ranpli kondisyon Pwogram Kupon pou Achte Manje a (Food Stamp Program) etabli pou salè ak resous yo.

## Ki lè nouvo lwa sa a ap vin an vigè?

- Gen kèk imigran lalwa 2002 a afekte ki va vin elijib pou jwenn kupon pou achte manje apatide 1 oktòb 2002, men pifò ladan yo pap elijib, yap oblije tann pita toujou. Enfòmasyon anba a bay plis esplikasyon sou dat elijibilite a kòmanse.

Lalwa 2002 a pèmèt elijibilite pou imigran legal ki ranpli kondisyon pwogram nan, EPI ki:

- ✓ ap résévwa bénéfis envalid (tankou SSI oswa Medicaid pou envalidite) (élijibilité pou gwoup sa-a kòmansé **1 Oktòb 2002**);
- ✓ té rété nan Etazini pandan 5 lané nan yon estati kalifié (élijibilité pou gwoup sa-a kòmansé **1 Avril 2003**); ou byen
- ✓ ou gen mwens ké 18 an épi ou te rantré nan Etazini aprè 22 out, 1996 (élijibilité pou gwoup sa-a kòmansé le **1 Oktòb 2003**).

## Ki imigran ki ranpli kondisyon pou yo kalifyé?

- Imigran ki kalifye yo se rezidan pèmanan legal (moun ki gen rézidans yo), refijye, moun yo bay azil, moun goudenman-an deside pou yo retni depotasyon ou byen re foulman yo, Kiben/Ayisyen kap rantré nan peyi-a, moun INS bay libète kondisyonèl nan Etazini pandan omwen 1 an, moun ki rantré sou kondisyon, ak kèk viktim vyolans domestik.

### **Eske lalwa a chanje règleman yo pou imigran ki deja elijib yo?**

- Non. Tout moun ki te elijib anvan ap kontinye elijib koulye a.

### **Eske lalwa a bay moun ki pa sitwayen epi ki nan peyi a pou rezon imanité dwa pou yo elijib?**

- Wi. Poutèt lalwa 2002 a, pap gen yon limit sèt (7) an sou kupon pou achte manje pou refijye, moun yo bay azil, Amerazyen, ak Kiben oswa Ayisyen ki rantre nan peyi a. Apatide 1 avril 2003, moun sa yo ki pa sitwayen an ap elijib tout otan yo kalifye pou pwogram swivan salè ak resous yo.

### **Eske Pwogram Kupon pou Achte Manje a deside si mwen gen yon enfimite?**

- Non. Ou fèt pou ap resevwa benefis oswa èd nan yon pwogram tankou Medicaid poutèt ou avèg oswa poutèt ou gen yon enfimite.

### **Eske mwen ka jwenn benefis pou pitit mwen ki sitwayen menm si mwen se yon imigran ki pa elijib?**

- Wi. Ou pap gen pou bay okenn dokiman pou tèt ou lè w fè aplikasyon pou pitit ou yo oswa pou lòt moun lakay ou ki elijib. Men, kanmenm wap gen pou montre prèv sou salè ak resous ou yo pou travayè sosyal la ka detèminen ki kantite kupon pou achte manje pitit ou oswa moun lakay ou ka jwenn.

### **Eske si mwen jwenn kupon pou achte manje sa va ban mwen pwoblèm si mwen vle fè mwen sitwayen?**

- Non. Jis paske yon imigran resevwa kupon pou achte manje, sa pa fè li yon "chaj piblik poutèt sa" – sal vle di yo pap depòte yon imigran nan Etazini, yo pap refize li rantre nan peyi a, ni refize ba li rezidans pèmanan oswa yon "alyann kat" paske li resevwa kupon pou achte manje.

### **Kouman pou mwen fè aplikasyon oswa pou mwen aprann plis enfòmasyon?**

- Pou jwenn kupon pou achte manje, ou fèt pou ranpli yon aplikasyon nan biwo kupon pou achte manje nan zòn kote w rete a. Òdinèman se nan biwo wèlfè nan zòn nan biwo kupon pou achte manje a ye.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele biwo kupon pou achte manje nan zòn kote w rete a oswa rele nimewo telefòn nasyonal gratis la **1-800-221-5689**. Wap jwenn nimewo telefòn biwo a nan paj ble nan anyè telefòn nan anba "social services department" oswa "welfare department".
- Gen operatè ki pale panyòl ki disponib nan nimewo telefòn gratis nasyonal la.

### ***Kupon pou Achte Manje Fè Etazini Vin Pi Pwisan***